



Idantifikasyon Bèt la

Kèlkeswa'l te yon moun oubyen yon bèt, yo tou de gen yon tèt ki kanpe anlè kò yo. Pou'n ka rive idantifye bèt la nou bezwen 1^{yè} konprann **konstriksyon tèt bèt la**, e 2^{yèm} nou dwe konprann **konstriksyon kò bèt la**. Mwen ka garanti'w ke se pa yon bagay ki fasil, men si mwen menm avèk ou rive rezone jan Bondye vle'l la, se si sèten ke n'ap rive konprann tout mistè ki idantifye **bèt la**.

Bèt ki monte soti nan lanmè a gen yon **tèt** ki fèt 1^{yè}) avèk **sèt tèt**, 2^{yèm}) li gen **dis kòn**, 3^{yèm}) li gen **dis kouwòn youn sou chak kòn li yo**, 4^{yèm}) li gen yon **non blasfèm sou chak tèt li yo**.

Bèt la gen yon **kò** ki te sanble 1^{yèm}) ak yon **leyopa**, 2^{yèm}) li gen **pye yon lous**, 3^{yèm}) li gen **bouch yon lyon**.

Si n'ap veye byen, nou pral wè ke bèt la te gen **sèt mistè ki te dekri'l**. **Kat** nan yo te fòme tèt li e **twà** lòt te konpoze kò li. Apot Jan nan Revelasyon 13, te wè yon bèt ki monte soti nan lanmè a. Nan premye vèsè-a li te profetikman dekri tèt bèt la, e vèsè de-a te demontre kò bèt la. Nan minit ki pral pase la yo, mwen pral eseye nan bon jan konviksyon pa mwen, pote limyè sou sa mwen rele **sèt mistè bèt la**.

KONSTRIKSYON TÈT BÈT LA : Pawòl la di ke bèt la gen 1^{yè}

Sèt tèt : Pou'n ka konprann mistè sèt tèt sa yo, ann'al wè kijan tèt yon moun te konstwi : Tèt yon moun se yon bagay ki byen ekipe. Andedan li se sèvo a. Se la ke tout panse, tout kwayans, ak tout konviksyon abite. Tèt la repoze anlè kò a. Sa vle di se li ki chèf, li se lidè, ak kòmandan an chèf, k'ap pase kò a lòd pou'l egzekite. Bèt la, bò kote pa li gen sèt tèt kote tout panse, kwayans, ak konviksyon Satan yo rete. Yo se direktè tout gwo plan matyavelik dyab la, kote kò bèt la resevwa lòd pou'l egzekite. Nou konnen ke bèt la reprezante Satan, e Satan li menm se yon espri ; si bèt la gen sèt tèt, sèt tèt sa yo pa lòt bagay ke sèt espri. Sèt espri Satan sa yo vle detwone Bondye, e yo vini ak yon plan ki pral pèmèt yo pran kontwòl tout sa kap fèt nan monn lan.

2^{yèm} Pawòl la di ke bèt la gen

Dis kòn : Souvan Bib la egale **kòn** avèk **espri**, e kòn Ka senbolize tou gwo pouvwa, gwo fòs ak gwo otorite (Rev. 5 :6). Yo se patikilyèman zam ke bèt ki genyen yo a itilize swa pou atake oubyen pou defann. Ansyen Testaman an, senbolikman idantifye yon kòn tankou domisil Espri-Sen an. Pwofèt yo te konn itilize kòn pou pote lwil oliv ki pral sèvi pou wen pitit Bondye yo (1 Samyèl 16 :13). Kite m li pou nou, yon pòsyon pawòl ki deseले yon pakèt mistè ak tout moun ki gen bon jan konprann; ann li:

6 Mwen tap gade, epi mwen wè, nan mitan twonn lan ak kat bèt yo, ak nan mitan ansyen yo, yon Mouton te kanpe menm jan li te sakrifye a, li te gen **sèt kòn** ak **sèt je**, ki se **sèt Espri** Bondye ki te nan misyon toupatou sou tout tè a. Revelasyon 5: 6

Èske'n tande sa? **Sèt kòn** ak **sèt je** Mouton an, siyifi sèt Espri Bondye yo. Si kòn Mouton Bondye a reprezante Espri Bondye yo; li klè ke kòn bèt la reprezante move espri Satan yo. Ak yon gwo diferans, kote Mouton an Li menm Li gen sèt je, men bèt la pa gen je ditou, zewo. Sa a efektivman te montre ke bèt la pa konnen kote'l prale, li pa gen je, li pa wè. Kòm li se yon pèdi poutèt pa li, li pa ka mennen moun kap swiv li yo okenn lòt kote ke nan wout pèdisyon.

Pawòl la te deklare ke Bondye te voye **sèt Espri'l** yo toupatou sou tout tè a ; kesyon an se èske espri Satan yo te aktyèlman gen misyon pou y'ale toupatou sou tout tè a tou ? Kesyon sa a te reponn pa Satan li menm ; annou li :

6 Te gen yon jou kote pitit Bondye yo te vi-n reyini devan Senyè a, Satan te vini nan mitan yo tou. 7 E Senyè a te di Satan, ki kote ou soti ? Satan te reponn Senyè a, li te di, mwen t'a prale vini, ak monte desann sou tè a. Jòb 1 : 6-7

Se sèten ke espri Satan t'ap vakabonde sou tout tè a, men li pa't janm gen okenn misyon. Sèl misyon Satan te genyen se li menm ki te bay tèt li'l ; li te chwazi pou'l dezobeyi, e konvenk yon tyè nan zanj yo pou dezobeyi avèk li, depi lè sa a li te gen yon lame move espri k'ap mache sou lòd li, konsa li te chwazi dis ladan yo, dis kòn yo, kise dis **lidè espiritiyèl**. Dis lidè sa yo gen pou misyon pou yo konkere mond lan e anseye yo dezobeyisans dyab la. Se ekzakteman sa ke **dis kòn** yo senbolize. Li enpòtan pou'm fè nou sonje ke menm si Revelasyon 17 dekri dis kòn yo tankou dis wa tè-a, sa pa vle di ke se dis wa literal, oswa dis peyi, oubyen dis dirijan imen, pi fò entèpretasyon ki ekziste jounen jodi-a se konsa yo eksplike kesyon an. Nan opinyon pa mwen, dis kòn yo, karakterize gwo konplo espiritiyèl ki òganize e dirije pa sèt tèt bèt la.



3^{yèm} gen **Dis kouwòn youn sou chak kòn yo** : Yon kouwòn reprezante yon lejitim viktwa yon triyonf ki enkontestab. Nou rekonèt yon moun ki kouwone tankou yon wa. Yon wa, kontinyèlman toujou resevwa onè ak glwa. Yon wa toujou leve nan wotè ki pi wo a. Yon wa se yon moun ki jis, yon moun ki dwat, li gen pouvwa, otorite, ak dominasyon sou tout bagay. Jezi-Kris se Wa tout wa yo, bèt ki gen sèt tèt la te vle detrone Wa a; Pou'l ka rive fè sa, bèt la bezwen simayen lide rebèl li yo sou tout rès tè a. Kont sèl Bondye tout bon an, li te distribye manti'l yo nan tiyo dis kòn yo, e aroze kè tout nasyon nan monn lan ak dlo anpwazonnen yo. Tande sa:

13 E Mwen te wè **twà espri pa pwòp tankou krapo** soti nan **bouch dragon an**, ak nan **bouch bèt la**, ak nan **bouch fo pwofèt la**. 14 Yo se espri dyab, k'ap fabrike anpil mirak, e ki ale kontre tout wa ki sou tè-a ak nan lemonn antye, pou'l rasanble yo pou batay gwo jou Bondye Toupwisan an. Revelasyon 16: 13-14.

Dragon an, bèt la ak fo pwofèt la se menm espri k'ap dirije yo; espri manti yo; ki pawòl la te deziyen kòm twa espri pa pwòp tankou krapo ki t'ap soti nan bouch yo! Remake ke se nan bouch yo ke espri pa pwòp sa yo t'ap soti. An n'al gade kisa espri pa pwòp sa yo ye? Anvan ke yon moun ouvè bouch li se pawòl ki soti ladan'l, ou ka tandè pawòl pale men ou paka wè'l, sa vle di pawòl se yon espri. Si pawòl ki soti nan bouch yon moun se espri ki pa pwòp tankou krapo yo ye, mwen si e sèten ke pawòl sa yo se pawòl manti; se pawòl sa yo ke Jan te wè ki t'ap soti nan bouch dragon an, nan bouch bèt la ak nan bouch fo pwofèt la. Pawòl sa yo Bondye idantifye yo tankou **twà espri pa pwòp tankou krapo**. Sonje ke krapo te itilize pa Bondye kòm youn nan dis plè ki te kondwi ak destriksyon pouvwa Farawon peyi Ejip nan tan pase yo (Psalms 78: 45/105: 30). Espri pa pwòp tankou krapo sa yo, manti yo, pral itilize pa Satan kòm youn zouti mètdam pou'l twonpe e fè tantatif pou'l revòlte monn lan kont Bondye ki gen tout pouvwa. Nan kondisyon sa a, nenpòt moun ki kite kè'l anvayi pa manti Satan yo, e patisipe nan dezobeyisans espiyèl demonyak sa yo, kouwone panse, kwayans, ak konviksyon Satan yo ak glwa e onè. Konprann ke **respè**, ak **angajman**, **obeyisans** ak **alejans** ke yon moun akòde ak manti Satan yo koresponn ak **dis kouwòn ki sou dis kòn** yo. Jezi-Kris te fòme douz disip, e'l te ba yo misyon pou y'al preche verite toupatou nan monn lan, moun ki kwè nan pawòl verite disip yo kouwone disip yo avèk glwa. Satan te fòme dis elèv, e'l te ba yo misyon pou y'al preche manti toupatou nan monn, moun ki kwè nan pawòl manti elèv Satan yo kouwone elèv yo avèk glwa.

Efezyen 5 : 23- deklare ke tout sa yon mari ye pou yon madanm, se sa Kris la ye pou legliz. Sa vle di, Kris la se mari a, e legliz se madanm nan. Mistè sa-a gen yon sekre vivan ki cache dèyè'l. Liv Pwovèb yo di konsa: Yon bon madanm se yon **kouwòn pou mari'l**. Pwovèb 12: 4

Kisa? Yon kouwòn pou mari'l? Èske'n wè sa k'ap pase la-a? Si Kris la se mari a, e Legliz san repwòch la se madanm lan, konsa Legliz la se **kouwòn** Kris la. Apot Pòl nan Filipyen 4: 1 ak 1 Tesalonisyen 2:19 rele moun k'ap swiv li yo kouwòn li. Se konsa tou, legliz san pidè a, legliz peche ki marye ak manti yo, se madanm Satan, san okenn dout legliz sa a se **kouwòn dyab la**. Si legliz peche a se kouwòn Satan, e nasyon nan monn nan te kouwone elèv li yo, dis kòn yo; sa vle di Satan san okenn kesyon se wa tout wa espri ki pa pwòp yo ki bay tèt li pou misyon pou'l ranplase Wa tout wa Espri ki Sen yo.

4^{yèm} gen yon **non blasfèm sou chak tèt li yo**: Sonje ke blasfèm se espri k'ap pale mal sou Bondye. Nan chapit 13 liv Revelasyon an, konpòtman bèt ki gen non blasfèm sou **sèt tèt** li yo, revele kisa yon blasfèm ye. Annu li: ⁶ e li te ouvri bouch li pou'l blasfème kont Bondye, blasfème sou non Bondye, ak tabènak li-a, ak sila yo ki rete nan syèl... Revelasyon 13 : 6

Gen yon bagay ki klè la-a, yon sèl fason pou blasfème oubyen pale mal sou Bondye se nan bay manti. Sa vle di non blasfèm nan, se mak ki idantifye **sèt tèt bèt la**, kòm **sèt move espri** Satan, sèt espri mantè ki sele Satan kòm papa manti. Pa gen lòt bagay ki nan sèt tèt sa yo ke manti. Si pa ekzanp mwen pran yon boutèy ji ki make ji zoranj, mwen déjà konnen ke sa ki andedan boutèy la se ji zoranj li ye. Menm jan etikèt ki sou boutèy ji a idantifye sa ki andedan boutèy la, se konsa etikèt oubyen so ki sou sèt tèt Satan yo eksplike kisa ki andedan tèt dyab la : Nou pa gen okenn dout ke sa ki andedan tèt dyab la se pa lòt bagay ke pale Bondye ak tout antouraj li yo mal. Espri pa pwòp yo ki opoze ak tout sa ki bon. Ante-Kris la. Espri manti ki abite nan nonm peche a, pitit pèdisyon an, sila ki ranpli ak tout sèt espri Satan yo, e ki pote sou sèt tèt li yo so dyab la, mak bèt la. Mwen konnen ke enfòmasyon anpil

Ann fè yon Rezime sou konstriksyon tèt bèt la : **Sèt tèt** bèt la se achitèk ak direktè tout plan dyabolik Satan yo. **Dis kòn** yo se espri mechan, elèv Satan ki gen pou misyon pou konvenk tout nasyon sou tè-a ke panse, kwayans yo ak konviksyon bèt la se verite. E, nasyon yo koube devan manti Satan yo, e resevwa yo tankou verite, konsa yo te kouwone dis kòn yo ak onè e glwa. Se poutèt sa, **dis kouwòn sou dis kòn yo** reprezante adorasyon bèt la pa tout nasyon ki nan monn lan, legliz peche-a ki marye ak manti Satan yo. **Non blasfèm** se sètènman mak ante-Kris la nan pitit pèdisyon an k'ap mache pale mal sou Bondye, nan tantatif pou'l detrone Senyè a. Sa-



a se rèv Satan ap ancheri depi apre dezobeyisans, li te di : ¹⁴ Mwen pral monte yon wotè ki pi wo pase nwaj yo ; M'ap vi-n menm jan avèk Pi Wo a. *Ezayi 14 :14.*

Mwen sot pale de konstriksyon tèt bèt la, kounye-a mwen pral dekri Konstriksyon kò bèt la.

Konstriksyon kò bèt la :Kò bèt la se yon konbinezon de twa diferan bèt sovaj: bèt Jan te wè a te tankou yon **leyopa**, pye'l yo te tankou **pye yon lous** e bouch li tankou **bouch yon lyon**. Satan te pran yon pati nan chak zannimo sa yo pou'l te ka fòmè yon bèt ki mechan anpil. Pati sa yo reprezante karakteristik espiyèl ke dyab la bezwen pou'l kreye ideyal bèt mechan sa-a. Yo se **twà espri ansasen**, twa espri pa pwòp tankou krapo ki mete yo ansanm avèk sèt tèt yo pou detwi legliz Bondye-a. Misyon yo se **chase, trape, ak devore**.

KARAKTERISTIK twa pati diferan pati kò bèt la:

Leyopa: Leyopa fè lachas an soudi-n, pou kont li lè solèy ap leve oswa lè solèy kouche li soti nan kachèt. Si'w tande'l wè yon sib, li kòmanse ap avanse dousman, tipa-tipa, li fofile kò li jikaskè'l santi'l pare pou'l vole sou sib la. Leyopa se yon bon **chasè**. Misyon'l se chase.

Pye yon lous : lous tankou moun mache sou pla pye yo. Eponj ak rid ki anba pye yo-a, pèmèt ke yo kapab mache san fè bwi. Lous sèvi ak grif li pou'l manje. Grif yo koube, yo solid, yo gen fòs, e yo byen file. Li fasil pou yo itilize grif yo pou yo peche, trape, ak kenbe bèt. epi yo ka menm peche pwason nan rivyè. Pye yon lous se yon **trape**. Misyon pa'l se pou'l trape.

Bouch yon lyon : Bouch yon lyon se senbòl lanmò. Nou tout konnen ke si yon moun oubyen yon bèt tonbe anba dan yon lyon pa gen anyen ki pou sove yo. Bouch yon lyon se yon machin k'ap **dechire chè epi k'ap kraze so**. Misyon pa'l se devore.

Li klè, ke misyon bèt la ak bouch lyon'l lan se devore nanm tout moun, men Bondye te predi ak senbolize bon jan plan pou delivrans nan Pitit Gason'l lan jan sa te ekri nan Liv la. Rezirèksyon Jezi-Kris pwouve ke lanmò (bouch lyon an) gen zewo efè sou pitit Bondye yo. Senyè a avèti tout moun, Li dekri nan Liv Li a kòman Satan ap ajì avèk anpil odas pou'l ka asasinè pitit Li yo. Men sa pawòl la te fè'w konprann : li di'w ke Satan ap kamoufle tèt li e avanse tou dousman sou ou tankou yon leyopa, san'l pa fè bwi l'ap mache sou ou ak pye lous li yo, avèk sipriz l'ap vole sou ou ak kò leyopa'l la, e kenbe'w ak pye lous li-a. Kote yo fi-n pran'w lan y'ap foure'w nan bouch lyon an pou'l devore'w. Se fason sa-a ke espri malen yo, espri pa pwòp ap travay ansanm pou touye pitit Bondye.

Sonje sa, tout sèvitè Bondye yo, ap defye Satan e chape anba bouch lyon an. Pa ekzanp, lè Danyèl te soti vivan nan fos lyon yo ; li te di : Bondye'm nan te voye zanj li, li te fèmen bouch lyon yo, pou yo pa't fè'm mal : *Danyèl 6 :22*

Nan 2 Timote 4 :17, Apot Pòl t'ap pale de anpil diferan pwoblèm espiyèl li te rankontre, te di : "Mwen te delivre anba bouch lyon an (2 Tim.4 : 17). Ekspresyon sa-a te senbolikman itilize pa Pòl kòm yon temwayaj ki pral demontre bay Timote ki jan lanmou Papa nou ki nan syèl la ap delivre pitit li yo anba tout sikonstans dezagreyab.

David te bay Sol wa izrayèl la kèk ekzanp sou pwòp vi pa'l, pou'l te rasire wa-a ke si'l mete konfyans li nan Bondye, pap gen okenn tay bèt ak okenn tay jeyan k'ap ka kanpe devan'l.

David reponn li : Sèvitè'w la t'ap gade twoupo papa'l yo, epi yon lyon vini, ak yon lous, e'l pran yon mouton nan twoupo a : M'kouri dèyè'l, m'frapè'l, e'm rache'l soti nan bouch li : e lè'l kouri sou mwen, mwen pran'l nan bab li yo, mwen bat li, e'm touye li. Sèvitè'w la touye tou de lyon an ak lous la : ... *1 Samyèl 17 : 34-36*

Nan vèsè 37 la David te ajoute : Letènèl ki te delivre'm anba grif lyon an ak anba pat lous la ap delivre'm tou anba men filisten an... Tande, si'w mete konfyans ou nan Bondye L'ap delivre'w anba bouch lyon an.

Mwen tandreman espere ke efò sa-a, kapab non sèlman ede ou idantifye nati reyèl bèt la, men tou kapab ede'w pita nan nenpòt analiz sou pwofesi. Amèn !